

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Nulis nya éta hiji kagiatan anu produktif jeung éksprésif (Tarigan, 1985:3-4). Kaparigelan nulis jadi hal penting dina kahirupan, boh dina kahirupan atikan boh dina kahirupan masarakat, sabab nulis téh hiji kaparigelan anu bisa ngaronjatkeun kamampuh mikir jeung ngajelaskeun hal anu aya dina pikiran. Nurutkeun Tarigan (1983:1) kaparigelan basa téh ngawengku kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis.

Tarigan (1983:22) nétélakeun yén fungsi nulis téh saperti kieu:

*“Menulis sangat penting bagi pendidikan karena memudahkan para pelajar berpikir juga dapat menolong kita berpikir kritis. Juga dapat memudahkan kita merasakan dan menikmati hubungan-hubungan, memperdalam daya tanggap atau persepsi kita, memecahkan masalah-masalah yang kita hadapi, menyusun urutan bagi pengalaman. Tulisan dapat membantu kita menjelaskan pikiran-pikiran kita”*

Pangajaran nulis sok dianggap pangajaran nu hésé ku siswa, sabab siswa kurang parigel dina néangan idé jeung kecap-kecap anu *variatif* dina ngarang, siswa ogé kurang parigel dina ngalarapkeun éjahan sarta kurang parigel dina matalikeun unggal kalimah ti mimiti nepi ka ahir sangkan nyiptakeun tulisan anu merenah tur mibanda harti jeung maksud.

Minat siswa kana pangajaran nulis téh kurang pisan. Sarua jeung minat siswa kana pangajaran basa Sunda, hal éta téh ku sabab loba siswa anu geus teu maraké basa Sunda di lingkungan sabudeureunana sarta ayana anggapan yén diajar basa Sunda téh hésé.

Dina pangajaran basa Sunda lian ti basana nu dianggap hésé dina nyarita tapi ngaregepkeun, maca, jeung nulis ogé dianggap hésé. Komo dina pangajaran nulis, hususna nulis guguritan sok dianggap hésé lantaran loba siswa anu can arapal kana patokan pupuh.

Dina Kompeténsi Dasar (KD) kelas VIII murid dipiharep mampu nulis pikeun ngébréhkeun *pesan* (pikiran, *perasaan*, jeung kahayang) sacara tinulis dina rupa-rupa wangun karangan. Salah sahijina nya éta nulis guguritan.

Ruhaliah (2002:137) nétélakeun yén guguritan mangrupa karangan déskriptif nu ditulis dina wangun pupuh. Guguritan ogé bisa disebut karangan puisi mangrupa dangding anu rélatif saeutik, biasana mah ngan ukur dina hiji pupuh, tara gunta-ganti pupuh jiga dina wawacan, sarta eusi guguritan umumna déskriptif sedengkeun wawacan mah naratif. Cara nepikeunana lumrahna dibaca bari dihariringkeun ngagunakeun lalaguan anu geus matok pikeun pupuh.

Guguritan téh gelar dina abad ka-19. Guguritan mimiti gelar sacara lisan, saterusna sacara tinulis anu dimuat dina majalah, koran, jeung buku. Eusi guguritan téh umumna ngébréhkeun soal kanyaah antar manusa, kalakuan manusa, pakasaban hirup, kabudayaan, atikan jeung pangajaran, peristiwa, sarta kaéndahan alam.

Kiwari mah anu nulis guguritan téh beuki langka, komo ti kaom rumaja mah geus beuki nyirorot. Ku kituna, perlu pisan pangajaran nulis guguritan ditekenkeun ka barudak anu jaman kiwari mah geus teu waranoheun kana sastra Sunda nu beuki ka dieu sastra buhunna geus dipopohokeun.

Dina pangajaran nulis guguritan, guru kudu rancagé dina nepikeun pangajaran, sabab dina prakna nulis guguritan téh lain hal anu babari pikeun siswa, loba siswa anu hésé ngungkarakeun eusi haténa atawa pamikiranana kana wangun tinulis. Pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis guguritan, tangtu aya patalina jeung modél pangajaran anu dipaké ku guruna dina prosés pangajaran. Salah sahiji modél anu bisa dipaké dina pangajaran nulis guguritan nya éta Modél *Think-Talk-Write (TTW)*. Modél TTW diwanohkeun ku Huinker jeung Laughin dina Ansari (2003:36). Teknik ieu diwangun ngaliwatan mikir, nyarita jeung nulis.

*Alur* TTW dimimitian ku ilubiungna siswa dina mikir atawa *berdialog* jeung dirina sorangan sabada prosés maca, anu saterusna nyarita jeung ngébréhkeun eusi haténa ka babaturanana saacan manéhna nulis. Éta pangajaran téh bakal leuwih épéktif lamun dilaksanakeun dina kelompok anu hétérogén

**Leni Risna Nuraeni, 2013**

**MODÉL THINK-TALK-WRITE (TTW)**

**PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS GUGURITAN**

*(Studi Kuasi Ékspérimén Ka Siswa Kelas VIII-13 SMP Negeri 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013*

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

antara 3-5 siswa. Di dinya unggal siswa diperedih pikeun maca, nyieun catetan, ngajelaskeun, ngaregepkeun, sarta ngébréhkeun eusi haténa jeung babaturanana anu saterusna bisa diungkarakeun ku maranéhna dina wangun tulisan.


Ku ngagunakeunna ieu modél, dipiharep murid anu bisa atawa anu teu bisa nulis guguritan sarta teu lancar ngagunakeun basa Sunda atawa anu nganggap basa Sunda téh hésé bakal bisa ngungkulan masalah anu jadi bangbaluh dina dirina nalika nulis.

Modél *Think-Talk-Write (TTW)* dipiharep leuwih ngirut ati siswa pikeun ngébréhkeun idé-idé jeung pamikiranana dina karya tinulis hususna dina nulis guguritan. Ku kituna, panalungtik hayang nalungtik éta hal.

Panalungtikan ngeunaan nulis guguritan téh lain nu munggaran. Saméméhna kungsi aya nu geus nalungtik dina wangun skripsi, diantaranya: “Média Visual dina Pangajaran Nulis Guguritan Di Kelas VIII SMPN 15 Bandung (Studi Kuasi Eksperimén)” ku Haat Rahmawati (2007); jeung “Éfektivitas Modél Quantum Teaching dina Pangajaran Nulis Guguritan” ku Yuli Yanti (2007).

Pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis, utamana nulis guguritan henteu ngan saukur kudu milih média pangajaran tapi modél pangajaran ogé perlu pisan pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis guguritan.

Ku lantaran can kungsi aya nu nalungtik ngeunaan pangajaran nulis guguritan ngagunakeun modél *Think-Talk-Write (TTW)*, panalungtik ngarasa perlu pikeun ngalaksanakeun panalungtikan sangkan bisa ngeuyeuban bahan tinimbangan guru-guru dina milih modél pangajaran hususna dina pangajaran nulis guguritan.

Dumasar kana pedaran diluhur, judul ieu panalungtikan nya éta “Model *Think-Talk-Write (TTW)* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Guguritan (Studi Kuasi Eksperimen Ka Siswa Kelas VIII-13 SMP Negeri 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)”.  


## 1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Identifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, tétéla aya bangbaluh anu disanghareupan ku siswa dina nulis guguritan. Loba pisan faktor anu mangaruhan sarta ngalantarankeun sababaraha pasualan dina prak-prakan nulis guguritan nepikeun ka siswa dina nulisna sok asal-asalan dina milih diksina.

Sangkan masalah anu ditalungtik teu lega teuing ambahanna, masalah anu dipedar diwatesanan kana nganalisis eusi guguritan anu ngawengku jejer carita, hal-hal anu dikedalkeun ku pangarang, *perasaan* pangarang, amanat jeung pesen pangarang anu ditulis ku siswa kelas VIII-13 SMPN 9 Bandung saméméh jeung sabada diajar nulis guguritan ngagunakeun modél *Think-Talk-Write* (TTW).

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun kana sababaraha kalimah pananya ieu di handap:

1. kumaha kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-13 SMP Negeri 9 Bandung saméméh jeung sabada diajar ngagunakeun modél *Think-Talk-Write* (TTW)?;
2. naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-13 SMP Negeri 9 Bandung saméméh jeung sabada diajar ngagunakeun modél *Think-Talk-Write* (TTW)?;
3. kumaha éféktivitas modél *Think-Talk-Write* (TTW) dina pangajaran nulis guguritan siswa kelas VIII-13 SMP Negeri 9 Bandung?.

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun numuwuhkeun rasa reueus kana nulis hususna nulis guguritan, utamana ka rumaja-rumaja anu kiwari mah nu reueus kana nulis téh geus langka sarta loba anu teu nyaho kana guguritan.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

1. kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-13 SMP Negeri 9 Bandung saméméh jeung sabada diajar ngagunakeun modél *Think-Talk-Write (TTW)*;
2. béda anu signifikan antara nulis guguritan siswa kelas VIII-13 SMP Negeri 9 Bandung saméméh jeung sabada diajar ngagunakeun modél *Think-Talk-Write (TTW)*, jeung;
3. éféktivitas modél *Think-Talk-Write (TTW)* dina pangajaran nulis guguritan siswa kelas VIII-13 SMP Negeri 9 Bandung.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat, hususna pikeun nu nyusun, umumna pikeun masarakat, lembaga, sarta pihak-pihak séjén nu boga kapentingan kana ieu hasil panalungtikan. Mangpaat nu dipiharep nya éta (1) mangpaat tioritis jeung (2) mangpaat praktis.

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Manpaat tioritis anu dipiharep tina ieu panalungtikan nya éta pikeun nambahan jeung ngeuyeuban teknik pangajaran sarta bisa dijadikeun salaku informasi ngeunaan éféktivitas modél *Think-Talk-Write (TTW)* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan siswa SMP kelas VIII sarta ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan prosés nulis guguritan keur siswa SMP atawa satata, yén dina nulis guguritan téh aya sababaraha hal anu perlu diperhatikeun, nya éta perkara eusi guguritan, larapna kaédah pupuh, larapna basa jeung warna eusi karangan.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis anu dipiharep tina ieu panalungtikan nya éta sangkan siswa leuwih resep tur leuwih rajin dina nulis guguritan, lain ngan saukur dina pangajaran nulis guguritan wungkul, tapi aya kahayang dina dirina sorangan manéhna daék nulis guguritan iraha jeung dimana waé tanpa aya tuntutan ti luar.

Salian ti éta mangpaat pikeun guru sangkan guru bisa leuwih kréatif jeung inovatif dina nepikeun matéri ngeunaan guguritan hususna ngagunakeun modél *Think-Talk-Write (TTW)*.

## 1.5 Sistematika Penulisan

BAB I BUBUKA, anu ngawengku judul panalungtikan, kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan sacara tioritis jeung praktis, jeung sistematika penulisan.

BAB II LANDASAN TIORI, anu ngawengku ngeunaan tiori anu aya patalina jeung masalah anu ditalungtik diantarana medar ngeunaan Model Pangajaran jeung Guguritan.

BAB III METODOLOGI PANALUNGTIKAN, anu medar ngeunaan metode anu dipaké dina ieu panalungtikan, diantarana nya éta, desain panalungtikan, teknik panalungtikan, jeung instrumen panalungtikan.

BAB IV DÉSKRIPSI JEUNG ANALISIS HASIL PANALUNGTIKAN, anu ngawengku kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-13 SMP Negeri 9 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Think-Talk-Write (TTW)*, béda anu signifikan antara nulis guguritan siswa kelas VIII-13 SMP Negeri 9 Bandung saméméh jeung sabada diajar ngagunakeun modél *Think-Talk-Write (TTW)*, jeung éféktivitas modél *Think-Talk-Write (TTW)* dina pangajaran nulis guguritan siswa kelas VIII-13 SMP Negeri 9 Bandung.

BAB V PANUTUP, anu ngawengku kacindekan jeung saran.

DAFTAR PUSTAKA